


Trauma Healing And Reconciliation Services

Ikigo Cishinze Kuvura Abahamutse no Kunywanisha Abantu



NTIWIHEBURE

Ikinyamakuru
Kimenyasha
Ibikorwa vya THARS.

Inomero ya 3

UMUNTU YAMA AFISE IBINTU BIMUREMEREYE.

IBIRIMWO

UMUNTU YAMA
AFISE IBINTU
BIMUREMEREYE

NASIMVYE URUZITIRO
UMWANAARIMU
MUGONGO

RORERA BIGIRA
BIGENDENEZA

UBUNDASINZIRA
NEZA

SINCIKENGERA
UBUNDIUMUNTU
NK'ABANDI

arumva ubwoba;
ukumva uruhagarara

mu mutima ;
amatati mu
muryango ;
ukubura ico
ukora kandi
ubishoboye
kandi ufise
umwanya,
ubukene ;
ukabura ico
wiha n'ico uha
umuryango, na
cane cane ko
tuzi mu
migenzo yo
muri Afrika,
usanga incuti
n'abagenzi
baza kukwitura
kugira nawe ugire ico
ubafashisha. Ivyo
vyose bituma umuntu
yama mu ruhagarara
akumva afise
uburemere
bukomeye hari n'igihe
yumva arengewe!
Ivyo tubashikiriza ku

vyerekeye ubwo
buremere, ni



b'ico kigo.

Uburemere ni iki ?

Uburemere ni
kimwe mu bigize
ubuzima bwacu
bwa misi yose.
Uko wifata muri
bwo ni ko
bushobora
kukumerera neza
canke nabi.
Ubwo buremere
ntibwama ari
bubi, hari igihe
buba bwiza.
Abahinga bavuga
ko igihe ata kantu
k'uburemere na
gatoya koba
kariho, abantu

Mbeza, umuntu
yokwama
afise akantu
canke ikintu gituma
yama mu ruhagarara,
mu bwoba canke
akumva aremerewe ?
Uburorero umuntu
yotanga ni bwinshi:
umuntu agira aje
gukora ikibazo

ivyashikirijwe mu kigo
THARS, ca kigo
gifasha abantu
bahahamutse
gukira. Uwariko
arigisha, ni we
yabishikirije igihe
yariko aratanga
inyigisho ku bakozi

twese ngo twoba
tumeze nk'imitwe
ipfuye. Igihe ata
buremere dufise
canke tukagira buke,
ngo duca tugomba
gusa n'abantu
barambiwe,
bashavuye, bababaye,
kandi tukaba abantu

NASIMVYE URUZITIRO UMWANA ARI MU MUGONGO.

Ndafise umwana iwanje afise imyaka 16 yabonye amagume afise imyaka 6. Hari mu 1993. Ubu murumva yuko ariko arakura. Twari tujanywe kwicwa tuzira ubwoko bwacu. Tugeze hafi yaho tuza gupfira, bategeka umuvyeyi umwe gutahana abana bose b'abakobwa ngo baje i muhira, abana na bo b'abahungu ngo ni bagende babe incungu zacu. Uwo mwana yabonye bashizwe ku mirongo, yari atonze mu bandi akurikirana na mukuru wiwe. Ico gihe bari batonze hejuru y'uruzi Mubarazi. Abonye ingene bica abari imbere yiwe, aca abona mukuru we asimbiye mu ruzi, nawe nyene aramukurikira, asimbirayo. Abo bicanyi babibonye baca barabahamagara ngo baveyo. Mukuru w'uwo mwana aremera araza baca baramugandagura. Uwo mwana na we yaranse kuva mu ruzi baca batangura kumutera amabuye ariko aguma mu ruzi kumara amasaha munani n'aho atari azi kwoga. Amaze gushika i muhira kubera ubwoba yaciye ansaba ko ndamuheka, nanje nari mfise imyaka cumi

n'itanu (umwana w'imyaka cumi n'itanu aheka umwana w'imyaka



itandatu) murumva ko vyari bigoye kumuheka. Yagomba ko ndamuheka mu kurindira ko bagaruka kutwica. Uwo mwana ntiyari akimenyekana, umutwe wiwe wari wavyimvye ungana n'inkono woshiramwo amacupa mirongwibiri y'urwarwa. Bamwe bari bamugiriye nabi twaciye twumva bariko baradodora aho twahungiyeye. Naciye ngenda nca mu kigo inyuma nsimba urugo uwo mwana ari mu mugongo iwanje. Nagiye kumenya ko nasimvye uruzitiro mpetse umuntu ngeze ku wundi muhana. Abantu nasanze muri uwo muhana ni bo basubiye kumbwira ngo

ni ndamwururitse nduhuke, jewe nari navyibagiye. Kuva ico gihe sinigera ngira amahoro ntamubonye i muhira. Iyo agiye ahandi naca mbona ko agiye gupfa. Iyo mbonye inkovu na ho naca nibuka igihe nariko ndamusimbana uruzitiro, ari mu mugongo sinumve ko andemereye.

Icipfuzo canje ni uko yokwiga agaheza. Imana imufashije akazobaho neza,

akazokwibagira umubabaro twacyemwo. Uyo mwigeme yatwiganiye iyo nkuru murumva ko yahahamutse, kandi yahahamutse hageze kuko yaciye muri vyinshi. Ariko iciza nuko uyo mwigeme ubu yakize, kuko uyo muhungu igihe batari kumwe atabona ko yagiye gupfa. Inyigisho za THARS zaramugiriye akamaro kuko yararonse abo yiganira ivyamushikiye nk'uko twamaze kubivuga, kuronka abaguhumuriza ni wo muti. Uyo mwana ubu ariko ariga amashure yisumbuye. Na we nyene bukebuke azokira ihahamuka.

UBU NDASINZIRA NEZA.

Mu ntara ya Ngozi, umukenyezi umwe mu gihe c'intambara yariko arahunga, agwa mu gitero c'abaje kwica abantu. Uyo mukenyezi yari ahetse umwana. Baca baramufata bamuzibagura imbugita umubiri wose, no mu mutwe. Baravye ingene bamugize bibajije ko yapfuye. Abo bagizi ba nabi baca bafata ikiziga c'umwana kuko na we nyene bari bamwishe, baca bakiryamika mu gikiriza ca nyina wiwe nk'uko womengo ariko aramwonsa. Yamaze imisi itatu aryanye aho nyene mugabo agatima gatera. Mu nyuma abantu barahavuye baja mu mirima kurondera ivyo barya, bamwubutseko basanga ntarapfa. Basanga mugabo yaratanguye kubora. Baciye bamuterura bamujana kwa muganga. Kwa muganga baramwitayeho arateba arakira. Kubera ivyo yacyemwo, yabonye, ubu aravuga mugabo ntiyumva neza. Kandi iyo avyibutse yahora arara adasinziye. Amaze kuganira n'abakozi bo mu kigo ca THARS, ubu arasinzira neza n'ibintu yahora arara ararazirana, nta vyo akibona.


UMUNTU YAMA AFISE IBINTU BIMUREMEREYE.

bashobora gufatwa n'indwara ningoga. Umuntu arashobora kurengerwa, ntashobore gufata ingingo, agakarirwa n'uturwara duto-duto. Iyo umuntu afise uburemere buke arashobora kuganza canke gutegeka, akaguma anezerewe, aryohewe kandi akaguma arondera kumenya ubundi buhinga. Tuvuge nk'igihe wakoze ikibazo ukagiheza, turazi ko naho uba wagitoye, mu ntango wumva uruhagarara, akoba kakaza, mbere ukumva uraremerewe.

Kunesha uburemere

Mbega umuntu arashobora kunesha uburemere bigatuma ataco bumugira ? Inyishu kuri ico kibazo yama ari ego. Ariko rero umuntu akwiye kubanza kudomako urutoke ku nkomoko y'ubwo buremere hanyuma akagira ico akoze ngo ibintu bihinduke muri we kugira ngo aroranirwe. Hari imyimenyerezo myinshi umuntu

ashobora kugira ngo yiyoroherewe ku buryo butuma yiruhurira. Iyo myimenyerezo ashobora kuyikoresha i muhira canke mu buzima bwiwe bwa misi yose, ivyo na vyo bikagabanya ukwo kuremerwa.



Ubukene buratera kuremerwa

Hariho kandi n'ubundi buryo bwo kwiyumvira, butandukanye n'uko abantu basanzwe biyumvira bufasha mu gukuraho wa mwitwarariko hamwe n'ukutamererwa neza. Twarumvise ko abantu benshi n'amashirahamwe menshi bagerageza gukora cane kugira ngo bagabanye uburemere bwabo hanyuma ngo babeho ubuzima bukwiye kandi bwiza. Uguhindagura ibintu

bukwi na bukwi n'aho woba wabiteguye na kwo nyene kurashobora gukwega uburemere utipfuzwa. Uguhindura ibintu bishobora kukuvako canke bikava ku bandi, gushobora kuba ukwawe canke ukwo usangiye

n'abandi. Ivyo ni vyo bituma umuntu yifata uku canke ukundi mu bintu kanaka, kandi n'iyo nyifato ishobora kuba nziza canke akaba mbi.

Mu gihe umuntu ariko ararondera ingene yifata mw'ihindagurika, uburemere burashobora kumubana bwinshi, na cane cane igihe ata mfashanyo aronse mu bandi. Uburorero bw'ibintu bimwe

bimwe bihinduka bigatuma umuntu arondera inyifato yogira kuko bishobora kumuremera ni nk'ibi: kuba wahora uri umusore canke inkumi ugashaka kurongora canke kurongorwa; igihe ushikiwe n'urupfu rw'uwo ukunda; indwara ishitse giturumbuka canke impanuka igushikiye; guhindura akazi canke kwimukira ahandi hantu; iyo hongewe uwundi umuntu mu muryango (iyo umwana avutse) hamwe no kuja muri pansiyoni n'ibindi.

Icotuma urugo rwanyu rubamwo uburemere buke.

Mu bisanzwe, ubuzima bwo mu muryango bwama burimwo uburemere. Ibibazo ntivyigera bihera mu muryango. Kenshi, uburemere umugabo canke umugore akura mu kazi abutwara i muhira. Igihe agize ishavu n'ibindi vyose vyamubabaje abita ku

RORERA BIGIRA BIGENDE NEZA.

Kugira ufashe abandi gukira ihahamuka ni uko nawe uba wararikize. Ni mur'iyoy ntumbero ikigo gifasha abantu gukira ihahamuka no ku nywanisha abantu (THARS) gihuruka gutegurira abakozi baco, abakozi bamwe-bamwe bo mw'ishirahamwe ry'agateka ka zina muntu (Ligue Iteka), abo mw'ishirahamwe riharanira agateka k'abapfunzwe (APRODH), n'abo mw'ishirahamwe mpuzamakungu rifasha mu vyo kunywanisha abantu (SFCG), uruganda bise ukuvura ivyiyumviro vy'abakomeretse (Healing of Memories), kugira hamwe hoba hari abakeneye gukira na bo babanze bakire imbere yo gufasha abandi. Mu gihugu caciyemwo intambara nta n'umwe atagize ingorane, abantu benshi bakaba baratuntujwe canke barahamuwe n'ivyo babonye canke vyababayeko. Ubu

rero abarundi batari bake baremeza ko ibintu biri hafi kugenda neza. Inyigisho zaronse abari baje muri urwo ruganda zarabafashije guserura ikiri ku mutima, bararonse aho bavugira ivyababayeko canke



Bamwe mu bari mu ruganda

babonye ko uwo ni wo umuti nya muti, murazi ko no mu kirundi bayamaze bati : « Utara mu nda ugutarura ibiboze ». Abari muri urwo ruganda bariganiye ikinyamakuru *Ntiwihebure* ico bahungukiye.

Hariho uwavuze yuko yaronse inyigisho zatumye umutima wiwe usubira mu nda ati « Turavye ivyashikiye Abarundi abantu

barasubiranyemwo, baracanamwo, baratotezanya kandi bahora babana neza ata wandya wangura. Ati na jewe hari ivyanshikiye ». Arabandanya ati « Hari abaje bava ku wundi musozi baje kwica abo twabana

ku mutumba w'iwacu, hanyuma bahungira ahandi. Birababaza kubona abantu mwabanye igihe kirekire bahungiyeye ahandi. Ati Bamaze guhunga bakaja ahandi narabasanze yo kubaramutsa ariko narahatswe kugira ingorane kuko hari bamwe baciye bavugang'uyo n'umwe mu batugiriye nabi. Ariko naciye ndababwira ko jewe ntari umugizi wa

nabi, ko naje kubaramutsa kuko ndabakunda. Naciye ndabibutsa ko bamwe ari jewe nabakingiyeye nkabanyegeza abagomba kubagirira nabi ». Yatubwiye ati Ndavye ibintu ingene vyatanguye n'aho bigeze, turi mukuronka amahoro arama. Ubu abantu b'ubwoko bunaka bariko baratahura ko umwe ababaye n'uwundi ababara, kuko ntushobora kumererwa neza igihe umubanyi wawe atamerewe neza. Uwundi yari muri izo nyigisho yatwiganiye ko na we nyene abona ko ibintu biriko bigenda neza, ati Ni vyo twaraciye mu ngorane zitandukanye twarize ingene tworengera ivyo twaciyemwo nko kubura abacu n'ivyacu. Ati Twari dufise inka nyinshi, amata yari nywa nawe ! Uwo muntu ati Hariho ivyizigiro ko tuzosubira kubaho mu mahoro n'umutekano. Twaragize udukino twerekana ko ibibi twaciyemwo,

UMUNTU YAMA AFISE IBINTU BIMUREMEREYE.

bo mu muryango wiwe. Ukwimura umuryango bivuye k'ukuduzwa amapete, ivyo na vyo birashobora kuburagiza umuryango. Ikitavuzwe co ni igihe umuntu yimutse kubera bamwirukanye bivuye k'ugupanga inzu, canke bivuye ku ntambara nk'uko vyeze muri iyi myaka.

Umwitwarariko mu vyerekeye ubutunzi na wo nyene uraremera ubuzima bw'imiryango. Abahinga bavuga ko naho uguhanahana amakuru kwiza mu bagize umuryango ari ivyo ingirakamaro kugira batorere inyishu ingorane zabo zo mu buzima bwa misi yose, hariho izindi ntambuko ushobora kugira, kugira ngo urugo rwawe rumererwe neza.

Nk'akarorero, ukwiye kwitega ko umuryango wawe ushobora kudatungana nk'uko wipfuzwa, ukemera ko mu muryango haba ivyiyumviro bitandukanye ku

kintu, kwimenyereza kugaragaza n'ukwifata neza mw'ishavu



Intambo ziri mubifasha gukira ihahamuka

ryawe utababaje abandi, gutorokanya impamvu zituma haba amatati, hanyuma ugaca ugerageza kubitorera inyishu uhereye ku vyoroshe ukagenda bukebuke gushika utoreze inyishu ibikomakomeye. Ibindi na vyo ni nko kutama imisi yose wihebera abana, ngo ivyo wari ukeneye bivunjwe ivy'abana bagusaba. Uri nka serugo, ukwiye kwiyizigira wewe nyene mu ngingo ufashe hanyuma uzibwire abandi basigaye mu muryango. Ukwiye kwiya kurondera ivyiza mu bo mu muryango, ufate

akanya ko kuvugana na bo ivyerekeye ingorane zibashikira.

Ntugerageze kugereranya umuryango wawe hamwe n'iyindi miryango, umenye ko "inkezi ikera ubwo bireha". Ushinge amategeko ngenderwako mu muryango wawe ku buryo uwo ari we wese amenya inkwirikizi canke inyungu z'ikintu kinaka.

Uko wokwifata mu gihe uremerewe.

Kumenya uburyo wifata mu buremere birasaba inguvu nkeya ariko rero ibintu vy'ingirakamaro birashobora gukoreka mu kanya gatoya. Hariho intambuko nkeya zo kwibuka na

zo zigashobora gufasha mu kubungabunga ubuzima bwawe no kuburinda kuremerwa. Ni washobora kumenya ibimenyetso hanyuma ugaca utangura kwiyumvira inzira wokoresha ngo utsinde uburemere, uzoba uri mu nzira yo kwiyorohera no kworohera abari hirya no hino yawe.

Igihe wumva uremerewe cane ni wibaze wewe ubwawe igituma ugomba gukora vyinshi hanyuma uce utangura kwiyumvira aho wogabanya ivyo ukora, uheze wongeremwo utuntu twokuryohera mu buzima. Iyumvire umwanya hamwe n'inguvu uriko urata ku kintu kimwe hanyuma wibaze nimba ivyo wakuyemwo bingana n'inguvu wabishizemwo. Uhangе amaso ku bintu vyiza biri mu mugambi uriko urakora. Kandi ntutegwe ubwoba n'ivyo wobona vyohava bidatungana



RORERA BIGIRA BIGENDE NEZA.

twabonye dukwiye kuvyegeranya tukabishira mu ziko, tukabiturira bikaba biheze kikaba ikimenyetso cerekana ko ivyakera biheze hatanguye bishasha. Twararirimvye indirimbo zerekeye urukundo n'amahoro ivyo na vyo bikaba bituma haboneka ivyizigiro vy'amahirwe.

Uwitwa Baranyizigiye (si ryo zina ryiwe) na we ati Naranezerejwe n'ingene umuntu ashobora gukira ivyamuhahamuye. Jewe narahunze nja mu gihugu co hanze ndi kumwe n'umuryango. Uyo muryango wari ugizwe n'umugore n'abana babiri. Haheze igihe gito umukenyezi wanjye aca aritaba Imana. Nama niyumvira ingene nzorera abana jwe jenyene bikansiga. Ingene nzogaruka mu gihugu c'amavukiro na vyo nyene vyaransiga, inzara na yo yazura inzara. Baduha ibiharage bidasha n'intete z'ibigori gusa. Ivyo vyose vyari vyarankuyemwo umutima. Ubu rero naragarutse mu gihugu canje. Ubu numva mfise amahoro. Muri uru ruganda, naravuze ivyanshikiye vyose, kubibwira bagenzi banje twari kumwe ni kwo kwambereye ugukira. Kugira ngo bimvemwo

rwose abatwigisha batubwira gucapa ibintu biri mu mitima yacu biguma bigaruka. Jewe nihutiye gucapa ivyo bintu



Bamwe mu bafasha gukira ihahamuka

vyanshikiye ndi impunzi mu mahanga. Nacapuye ingene nagiyeye n'ingene nagarutse, ingene namerewe nabi mu buhungiro. Ubu rero ndumva mfise amahoro kuko nagiyeye ndabivuga. Hanyuma numvirije ivyo bagenzi banje bacyemwo nca mbona ivyanshikiye vyarashikiye n'abandi. No mu dukino twakinye na ho nyene haramfashije gukira. Twarakinnye ibijanye na wa Musamariya w'imbabazi. Muribuka ko wa muntu amaze kugwa mu maboko y'inkozi z'ikibi, mu nyuma haciye haca i ruhande yiwe abantu bo mu bwoko bwiwe ariko nta n'umwe yamuravye n'iryahumye, nta n'umwe rero yamutabaye canke ngo amutabarize. Icannezereje ni uko haciye umuntu w'umunyamahanga

wo mu yindi ntara canke mu bundi bwoko akaba ari we yamutabaye. Ico nohanura Abarundi ni uko umuntu yofasha abandi ataravye ubwoko, intara canke idini. Noneho urumva ko n'abasangiye intara, ubwoko, amadini n'ibindi bashobora kudatabarana.

Uwitwa Gahetani (si ryo zina ryiwe) yatubwiye ati "Nungutse ibintu vyinshi: gukira mu vyiyumviro no gukira mu mutima. Imyimenyerezo twagize ni yo yatumye mbonamwo inyungu nyinshi. Baratweretse ingene mu gihe hari ibintu vyakuremereye woruhuka mu gukoresha inyandiko canke ibicapo. Twaragize urugendo ugatangurira ahantu waboneye amabi hanyuma ukaja ahantu heza. Bigasobanura ko uvuye mu bibi ukaja mu vyiza. Ivyo vyatumye turemuruka mu mutwe no ku mutima". None vyari vyagenze gute? Jewe nari mfise ingorane z'ibintu vyambayeko. Abantu barampezeke kubera

intambara. Kuronka abo mbwira ivyanje vyaranduhuye rwose. Muri uru ruganda baratweretse imyimenyerezo ushobora kugira ukukuramwo ingorane. Izo ngorane zari zaranse kumvamwo, ariko kubera iyo myimenyerezo numvise nkize. Ku vyerekeye inyigisho z'amahoro twarazirongose koko. Baratubwiye gucapa ikintu ico ari co cose wibaza ko coba icibutso c'amahoro. Hanyuma twaracapuye canke twarabumvye ibintu bitandukanye. Umw'umwe yaca agerageza gusigura ico yabumvye. Jewe nabumvye izuba. Izuba ryerekana umuco. Hano mu gihugu cacu harabuze umuco canke abamurikira abandi. Ndasaba rero Imana ko yoshira muri kino gihugu cacu imboneza, ababera akarorero keza abandi, bakababera umuco. Habonetse umuco, ukuri mu bantu, izi ngorane turimwo zohera. Kandi n'ubu rorera bigira bigende neza. Haracari ivyizigiro.

**IBISINZIKAZA
UBUZIMA NI VYISHI
HOBA HARI HO
INZIRA YO GUKIRA ?**

**BARIZA MURI
THARS !**

UMUNTU YAMA AFISE IBINTU BIMUREMEREYE.

biri muri wo. Wemere ko hagira aband bagufasha kandi wemere no kugira abo utuma bamwe-bamwe mu bo mukorana naho wiyumvira ko wewe ari we wobikora neza kuruta abo bandi uriko uratuma.

Abana bato n'abayabaga n'abonyene bararemwa.

Abana bato n'abayabaga, na bo nyene baraca mu bibaremera bagategerezwa kurondera uko bovyifatamwo. Ku mwana, ukuremerwa guturuka k'ukuba ataronse ivyankenerwa ngenderwako, nk' ivyo kurya bikwiye, urukundo, ukwitabwaho (protection). Uko umwana akura, ukuremerwa ahanini gusigara guturuka no ku kuntu asabwa kwubaha amategeko, kwifata uku canke kuriya. Kubera ko umwana akenera umutekano urimwo urukundo no kwitabwaho, iyo abironse biratuma

hataba uruhagarara hagati yiwe n'umuryango wiwe, n'abigisha biwe n'abagenzi biwe Igihe umwana agiye mw'ishure na ho ni igihe gishobora kwadukamwo ingorane

zitoroshe, ziremereye, ziterwa n'ukuntu abavyeyi bama bariko baragereranya umwana k'uwundi. Ikindi kintu kiremera abana, ni harya abavyeyi babasunikira kwiga ibirengeye ivyo bategerezwa kwiga mw'ishure nka birya vyigwa biga ku mugoroba mu gihe bategerezwa kuruhuka canke kuba barikinira, canke gukora turya dukorwa two muhira.

Mu gihe umwana ariko araba umuyabaga na ho aremerwa n'uko atangura kubona ihinduka rinini ku mubiri wiwe, n'ukuntu abavyeyi hamwe n'abigisha

bamwitegako vyinshi kuko baba bagira bati Umwana ariko arakura. Uguhiganwa kugira ngo aronke



Abana bato nabonyene bararemwa

amanota ashimishije no gushaka kuza arahura n'urunganwe kenshi bica bifata ikibanza nyamukuru. Ukuremerwa kurashobora kuva no kw'irungu nko mu gihe asanze urunganwe rutamwemera kandi na we yipfuza kuba umwe muri bo.

Hari n'igihe umwana agera igihe gashikirwa n'urupfu mu muryango, bakabura nka Inakuru, Sekuru canke Inasenge canke Nyinabo. Uko izo ngorane zikomera, ni ko wa muyabaga ashobora guhindukirira ibiboreza, ibiyayura

umutwe, kugira ngo ahunge ukuremerwa canke yiyobagize ukuntu aba yiyumva kutameze neza.

Ivyerekana uwuremerewe.

Ngibi ibintu bimwe-bimwe vyerekana ko umuntu aremerewe: Ukwiyumva ko ataco umaze, kuba sindabibazwa, kutiyumvamwo ivyo kurangura amabanga y'abubatse. Uwuremerewe yamana uburuhe, ico akora cose akikwega, ntaguma hamwe, aradendebukirwa akabura akayabagu. Iyo wumva ko uremerewe canke ubabaye bikaba bikumazeko igihe kitari gito, birashobora gutuma utangura kwerekana ibimenyetso ku mubiri wawe kuko ubwo buremere butuma umubiri utaba ugishobora kwigwanira mu gihe utewe imigera itera indwara zimwe-zimwe. Iyo bimenyetso rero ni nko kuribwa, kubabara mu mugongo, kurwara amahaha,



UMUNTU YAMA AFISE IBINTU BIMUREMEREYE.

kumeneka umutwe,
indwara z'amaso,
ukudakora neza
kw'umutima, kuzungurirwa
no gucibwamwo,
ikitibagiwe co ni
ukudasinzira. Iyo ivyo
bimenyetso bitanguye

kukubonekako umuntu aba
akwiye guca yihuta ku
bahinga bashobora
kumufasha amazi
atararenga inkombe.
Hariho abantu benshi
baremerewe, abandi na bo
barababaye ariko ntibigere

bamenya ico ubwo
bubabare bwabo buvako
canke ntibamenye ko
ubwo buremere bushobora
kubakwegera indwara
zitari zimwe zo ku mubiri.
Inkuru nziza ni uko ukwo
kuremerwa gushobora

gutorerwa umuti. Ibigo rya
THARS birafasha abantu
bafise ingorane nk'izo
z'ukuremerwa.
Murashobora kuvyitura
mugafashwa canke
mukabirangira abanyu
bakeneye gufashwa.

SINCIKENGERA, UBU NDI UMUNTU NK'ABANDI.

Jewe nitwa
Ndayumwe
Kabudesiya (si izina
ry'ukuri) w'i
Muramvya. Hari mu
mwaka w' 1993,
kubera intambara, ni
ho twava ku musozi
twabako duhungira
k'uwundi, ariko uwo
musozi ni wo
naturukako kuko ni
ho navukiye. Abantu
baho baca babwirana
ko nkwiye gupfa.
Ndahashitse



Imana irandwanira.
Mu nyuma nca mpungira
ku wundi musozi, ariko
na ho nyene
narahagiriye ingorane
kuko hacye haza abantu
batangura kunkanya
izuru. Barankubagura
cane, bamwe bakavuga
bati Ni mumureke
abandi bakanka. Ico gihe
nari kumwe n'abana
banje babiri, umugenzi
wanje si ho yari. Ico
gihe nari mu kiriri.
Mmaze imisi ine
mvyaye, haza abantu
baranturubika,

baramboha, banjana
kw'ibarabara bagira
banyice mu nyuma
barandeka. Kuva ico
gihe nca ntangura
kuvirirana, aho rero
n'impuzu zose nari
mfise bari bamaze
kuzitwara, naguma
nambara ibishambara.
Ndabura icepfo ca
ruguru, nta dawe na
mawe nta n'umwe nari
mfise wo kuntabara. Nta
muntu n'umwe
naganyira, ariko naho
vyari bimeze biryo,
Imana yarankingiye

sinapfuye. Muri 1997
hoho narumvise ko
urupfu runyegereye
gusumba. Ico gihe haje
abitwaje ibirwanisho
batujana ahantu
nk'abadushoye, kurya
abantu batwara ikimasa
kw'ibagiyo. Twari
bane ariko jewe rero
nari naramaze gutimba,
ntawe nari nkiganyira.
Abo bitwaje ibirwanisho
batubwira bati Uno musi
abatwa ni bo baja
kubarongora, aho kandi
hari hejuru y'uruzi, mu
mutima nti ubwanje
buraheze !

Kubera nari ncibuka
ubwa mbere ingene nari
naramerewe, mbonye
abo batwa bafise
amahiri, amacumu
n'ibindi, amaraso yacye
acuncubuka, nca
ntangura ibintu vyo
kuribwa no
gucibwamwo. Muri uwo
mwanya Imana ica ikora
igitangaza, umwe muri
bo aca avuga at'
Umugabo wawe
twarakundana, yahora

ampa uduhera mu
gisagara, none reka
ndakwereke ingene nosa
nuwukunyuza.
Ndamwishura nt' Oya no
hanyuma ntaho
nobinyegeza, bareke
bagombe banyice. Uwo
mugabo na we
aranyishura at'Urupfu
bokwica ntiwoshobora
kururinda. Twahaririye
kera n'uwo muntu
ndabona ko vy'ukuri
yagomba kunkiza,
ndateba ndamwemerera.
Duca turagenda dushitse
ahantu badandaza
inzoga, duhura n'abandi
baca baramubaza ngo
uyo mugore umutwaye
he? Baca barampagarika,
ico gihe nari nkiri
kumwe na twa twana
twanje tubiri. Nca
ndasaba abo bicanyi
twari duhuye nti ko
mugomba kunyica,
ndasavye ntimunyicire
mu maso y'aba bana

*None munyuma
vyagenze gute ? Inyishu
Mu numero izokurikira*